



Kapil Longani
Konseye Majistra a

Alexis Blane
Konseye Adjwen
Prensipal

Bess Chiu
Chèf Kabinè

Katherine Cocklin
Konseye Adjwen

KESYON MOUN POZE SOUVAN (FAQ) SOU PWEN KONTWÒL

Poukisa Vil New York adopte pwen kontwòl aleyatwa?

Pwen kontwòl sa yo se yon zouti edikatif ki fèt pou asire vwayajè yo konprann ak respekte restriksyon vwayaj Eta New York yo.

Atravè gwo sakrifis ak pèseverans, Vil New York te redui transmisyon COVID-19 la ak pousantaj tèz pozitif yo rive nan nivo ki pami sa ki pi ba yo nan peyi a. Nou pa ka kite gad nou bese nan moman an.

Kisa restriksyon vwayaj Vil New York la ye?

Lwa Eta New York la egzije tout moun k ap antre nan Eta New York ki te pase plis pase 24 èdtan nan nenpòt Eta sou [Lis Eta New York Mete Restriksyon \(Restricted State List\)](#) pou:

1. Ranpli fòm sa a pou enskri [Fòm Sante Vwayajè Eta New York](#).
2. Karantèn (rete lakay ou oswa kote w ap rete a sof si gen ijans, chèche swen medikal ou kate kite Eta a) lè ou rive, pandan 14 jou apati dènye jou vwayaj nan yon Eta ki sou lis restriksyon an.
3. Travayè esansyèl yo k ap vini New York ki sòti nan yon Eta ki gen restriksyon dwe swiv [direktiv](#) Depatman Sante Eta (State Department of Health) a.

Kiyès ki dwe plwaye devan restriksyon vwayaj Vil New York la?

Nenpòt moun ki te pase plis pase 24 èdtan nan nenpòt Eta ki sou [Lis Eta New York Mete Restriksyon](#) nan dènye 14 jou yo. Sa gen ladan Nouyòkè ki te vwayaje nan lòt Eta yo ansanm ak moun k ap vizite New York yo.

Kikote mwen ka jwenn si yon Eta mwen te ale nan vwayaj sou Lis Eta New York Mete Restriksyon an?

Ale gade nan: [Lis Eta New York Mete Restriksyon](#).

Mwen se yon rezidan Vil New York. Èske mwen dwe ranpli Fòm Sante Vwayajè Eta New York la epi mwen dwe rete nan karantèn pandan 14 jou?

Wi, ou dwe ranpli fòm lan si w ap antre New York si w soti nan yon Eta ki sou Lis Eta ki gen Restriksyon an, epi si ou te vwayaje nan nenpòt Eta ki sou Lis Eta New York Mete Restriksyon epi ou te pase plis pase 24 èdtan nan Eta sa a. Travayè esansyèl yo dwe swiv [direktiv](#) Depatman Sante Eta a.

Kisa ki pral fèt nan pwen kontwòl yo?

1. Yo pral mande moun yo si yo te pase plis pase 24 èdtan nan nenpòt Eta ki sou [Lis Eta New York Mete Restriksyon](#) nan dènye 14 jou yo.
2. Si se wi, moun lan pral gen obligasyon ranpli yon Fòm Sante Vwayajè Eta New York. Fòm lan disponib [sou entènèt](#) epi ou ka ranpli li pi bonè posib, yon jou anvan moun lan rive nan Vil New York ou nan pwen kontwòl la.

Pandan konbyen tan y ap kanpe mwen?

Sèlman kèk minit. Fòm enskripsyon an pran mwens pase 5 minit pou ranpli li. Ou ka evite reta sa a lè ou ranpli fòm lan [sou entènèt](#) pi bonè posib, yon jou anvan ou rive nan Vil New York.

Kiyès k ap reyalize pwen kontwòl yo?

Cherif Vil New York la an kowòdinasyon ak lòt ajans pou fè aplike lalwa.

Ki prèv mwen ka bay ki montre mwen te ranpli Fòm Sante Vwayajè Eta New York la?

Ou dwe fè yon foto paj konfimasyon an kou ou fin ranpli fòm lan. Kòm rapèl, ou dwe ranpli fòm lan pi bonè posib, yon jou anvan ou rive nan Vil New York.

E si mwen sèlman ap pase atravè Vil New York men mwen p ap kanpe?

Ou toujou gen obligasyon pou ranpli Fòm Vwayajè Eta New York la si ou te pase plis pase 24 èdtan nan nenpòt Eta sou Lis Eta New York Mete Restriksyon nan dènye 14 jou yo.

Kisa k ap rive si mwen pa respekte lwa Eta a epi mwen pa enskri ak/oswa mwen pa rete nan karantèn?

Nou konnen tout moun pral kowopere nan enterè sante piblik la ak pou ralanti pwopagasyon COVID-19 la. Sepandan, pou ka non konfòmite ki vrèman eksepsyonèl, dapre Lwa Eta a, moun sa yo ka resevwa gwo amann.

Kisa k ap rive si mwen refize ranpli Fòm Sante Vwayajè a?

Nouyòkè yo te fè gwo sakrifis pou konfine pwopagasyon viris la, epi nou espere y ap kowopere. Tout vwayajè yo pral jwenn tout opòtinite pou ranpli fòm lan. Moun yo ka resevwa yon amann sèlman nan kèk sikonstans ekstrèm.

Ki pyès idantite, si sa aplikab, yo pral mande pou mwen montre?

Arè sa yo pral rapid ak edikatif. An jeneral, yo ka mande vwayajè yo montre dokiman ki nesèsè pou kondui yon machin an konfòmite ak lwa Eta New York (tankou imatrikilasyon yon machin).

Èske y ap mande/anrejistre sitiyaasyon imigrasyon?

Non.

Èske moun k ap kanpe mwen an pale lang mwen?

Pral gen sèvis entèpretasyon lang k ap disponib nan pwen kontwòl la.

Kikote k ap gen pwen kontwòl yo?

Cherif la pral afiche lokal pwen kontwòl yo chak jou sou Twitter: [@NYCSHERIFF](#).

Ki kèk resous itil ki genyen?

[Kesyon Moun Poze Souvan konsènan: Restriksyon Karantèn sou Vwayajèk ap rive nan Eta Nouyòk Apre Deplasman Andeyò Eta a](#)

[Rekòmandasyon pou Vwayajè pou COVID-19](#)

[Restriksyon pou Karantèn pou Vwayajè ki Rive nan Eta Nouyòk Apre Deplasman Andeyò Eta a](#)